



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 20 MILYON DOLA NAN FINANSMAN ESTABILIZASYON POU SIPÒTE FOUNISÈ SÈVIS DEPANDANS YO NAN ETA NEW YORK**

***Finansman pral ede kouvri Depans ak pèt revni pandan pandemi COVID-19 la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te garanti 20 milyon dola nan finansman federal atravè pwogram Sibvasyon Prevansyon ak Tretman Toksikomani (Substance Abuse Prevention and Treatment Block Grant) pou sipòte founisè sèvis depandans yo ak pèt revni ak depans fonksyonman ki rive akòz pandemi Covid 19 la.

Founisè prevansyon, tretman ak retablisman ke Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) sipèvize yo pral resevwa finansman sa a pou adrese bezwen estabilizasyon fiskal ak pwogramatik pliske yo kontinye fè fas ak enpak pandemi Covid 19 la.

"Kòm founisè depandans yo kontinye fè fas ak enpak pandemi COVID 19 la, finansman sa a pral ede yo reprann yo anpil soti anba estrès finansye nan kad depans fonksyonman yo ak pou enfrastrikti." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pal asire tou ke yo kontinye bay sèvis depandans ki enpòtan san kanpe pou tout Nouyòkè ki nan bezwen yo."

Finansman address pral adrese alafwa vid fiskal ak vid pwogramatik epi yo ka itilize pou depans fonksyonman pwogram, soulajman dèt, ekipman, renovasyon minè, depans pèsònèl, ak lòt depans ki gen rapò ak modifikasyon operasyonèl ak enfrastrikti ki fèt kòm yon rezilta dirèk enpak pandemi COVID 19 la.

Apre 350 founisè kalifye pou finansman. Founisè ki kalifye yo pral resevwa notifikasyon ki soti nan men OASAS konsènan kantite lajan ki disponib e egzije pwochen etap yo pou jwenn finansman an. Founisè yo kapab wè nivo travay pou opòtinite finansman sa a [isit la](#).

Pandan plizyè ane ki pase yo, Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud fleyo opyoyid la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont depandans ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Pou konbat epidemi sa a, eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entèn, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman

rezidansyèl, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Opyoyid NYS (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedyà. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

**Komisè OASAS, Arlene González-Sánchez, te deklare,** "Pandan nou ap kontinye oryante nou atravè efè pandemi COVID-19 la, nou ap fè tout sa nou kapab pou sipòte founisè ki baze nan kominote nou an ki ap fè fas ak defi san parèy yo. Founisè sa yo enpòtan anpil pou misyon OASAS pou atenn tout Nouyòkè ki nan bezwen yo, epi avèk finansman sa a yo pral kapab kontinye bay sèvis san kanpe pou moun ki afekte pa depandans ak fanmi yo."

**Senatè Pete Harckham, Prezidan Komite sou Alkolis ak Toksikomani Sena a, te deklare,** "Gouvènè Hochul jwenn gwo finansman federal pou founisè tretman kont Abi Sibstans atravè New York pou ede estabilize operasyon ak pwogramasyon se yon gwo nouvèl. Founisè yo toujou ap eseye rebondi kont pètibasyon sèvis ki te koze pa pandemi Covid-19 la pandan bezwen pou sèvis tretman yo ogmante. Plis resous pou founisè tretman vle di plis lavi k ap sove-li senp."

**Manm Asanble Phil Steck, Prezidan Komite sou Alkolis ak Toksikomani nan Asanble a (Assembly Committee on Alcoholism and Drug Abuse), te deklare,** "Rmèsiman yon lòt fwa ankò, pou Gouvènè Hochul li rekonèt enpòtans ki genyen nan finansman sou chak nivo tretman depandans. Mwen kontan asosye avèk OASAS pou pwomote ak defann resous enpòtan sa yo; sitou pandan COVID ak odela".

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan [ombuds@oasas.ny.gov](mailto:ombuds@oasas.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)